Согласовано
Советом факультета осетинской филологии

(протокол от «22» 10 2020 г. № 2)

Утверждаю
Председатель приемной комиссии
ФГБОУ ВО «СОГУ»
______________ А.У.Огоев
«29» ______________ 2020 г.

**ПРОГРАММА**
вступительных испытаний при приеме на обучение по образовательной программе высшего образования – программе магистратуры в 2021 году на направление подготовки
**45.04.01 Филология**
**«ЯЗЫКИ НАРОДОВ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ (ОСЕТИНСКИЙ ЯЗЫК)»**

**Составители:** Гацалова Л.Б., профессор кафедры осетинского языка, доктор филол. наук
Гутиева Э.Т., декан факультета осетинской филологии
Царикаева Ф.А., зав. кафедрой осетинского языка, кандидат пед. наук

Содержание

**I. Элементы содержания, проверяемые заданиями КИМ (письменной работой, экзаменационными билетами и др.)**

Блок 1.

1.1. Морфемæты хуызтæ. Уидагон æмæ аффиксон морфемæтæ.
1.2. Синтаксисон иуæгтæ: сæ хуызтæ, сæ арæзт.
1.3. Разæфтуантæ æмæ фæсæфтуантæ, сæ функцитæ.
1.4. Æвзаг æмæ ныхасы абарст.
1.5. Домгæвазыгджын хъуыдыйад. Домгæ бастдзинад аразыны фæрæзтæ. Уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуызтæ.
1.6. Номдар куыд ныхасы хай. Номдарты тасындзæг. Хауæнты нысаниуджытæ.
1.7. Ирон æвзаджы дзырдтыл афæлгæст сæ равзæрдмæ гæсгæ.
1.8. Хъæлæсонты дих сæ арæзтмæ æмæ тыхмæ гæсгæ. Хъæлæсонты ивддзинæдтæ ныхасы мидæг.
1.9. Нымæцонты дих сæ арæзтмæ æмæ нысаниуæгмæ гæсгæ. Нымæцонты бастдзинад номдартимæ.
1.10. Хуымæтæг хъуыдыйад вазыгджын кæныны фæрæзтæ.
1.11. Хуымæтæг хъуыдыйæдты хуызтæ.
1.12. Зæгъинаджы хуызтæ ирон æвзаджы.
1.13. Æрхæцæн нысæнттæ хуызтæ æмæ се 'вæрыны æгъдæуттæ.
1.14. Иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ сæ арæзт.
1.15. Номивджыты равзæрд æмæ сæ классификаци.

Блок 2.

1.1. Мивдисæджы бындуртæ æмæ цæсгомон кæрæттæ. Ивгъуыд афоны кæрæтты равзæрд.
1.2. Номивæг; сæ хуызтæ æмæ тасындзæг.
1.3. Дзырдты бирæнысаниуæгад, йæ равзæрды мадзæлттæ. Бирæнысаниуæгад омонимтæй иртасынады фарст.
1.4. Бавæргæ, бахæсгæ æмæ бафтаугæ арæзтытæ.
1.5. Мивдисæг. Здæхæнтæ æмæ афонты фарст ирон æвзагзонынады.
1.6. Вазыгджын синтаксисон æнæхъæн. Абзац.
1.7. Æмхъæлæсонтæ, сæ равзæрд, сæ ивддзинæдтæ ныхасы мидæг.
1.8. Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ. Сæ морфологион арæзт.
1.9. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад. Бабæтгæ бастдзинад аразыны фæрæзтæ. Предикативон хæйтты æхсæн синтаксисон ахастытæ (грамматикон нысаниуæг).
1.10. Искæй ныхас зæгъыны фæрæзтæ.
1.11. Лексикæйы дихкæнынад йæ стилистикон æууæлтæм гæсгæ.
1.12. Лексикæйы семантикон къордтæ.
1.13. Лексикографи. Сæйраг дзырдуæтты хуызтæ.
1.14. Лексикæйы семантикон къордтæ.
1.15. Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ. Бæттæгты классификаци. Хайыгты хуызтæ.

Блок 3.

1.1. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Бацамонын вазыгджын хъуыдыйады грамматикон нысаниуæг. Сбæрæг кæнын дзырд æрхæцæн-ы мырты миниуджытæ.

*Уынгæн йæ цæхгæрмæйы куы фæзылдис уæд йæ рæзты рацыдис бæрзонд хæрзконд æрыгон лæппу (Б.Г.).*
1.2. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Бацамонын вазыгджын хъуыдыйады грамматикон нысаниуæг.
*Сослан дзуры куыдзмæ лæгъз хъæлæсæй рæвдаугæйæ фæлæ йæ куыдз цыма æппындæр нæ хъусы уыйау æм кæсгæ дæр нæ кæны сагъдау лæууы (К. А.).*
1.3. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Бацамонын вазыгджын хъуыдыйады грамматикон нысаниуæг.
*Сыстад æрæнцой кодта рудзынджы фæйнæгыл æмæ кæсы, зарæг кæцæй хъуыст, уыцы хæдзармæ (Дж. Д.).*
1.4. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Бацамонын вазыгджын хъуыдыйады грамматикон нысаниуæг.
*Сугъартæ хъыг кодтой сæ куыдзы алыгъдыл фæлæ ма сæ цъус ныфс уыди зæгъгæ йæ маст куы ссæуа уæд та кæд бацагурид йæ хæдзар (К. А.).*
1.5. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Бацамонын вазыгджын хъуыдыйады грамматикон нысаниуæг.
*Куы æрчъицыдта йæхи куы æрæмбæрста уæд рахатыд йæ парашют бæласыл кæй стыхст æмæ йæхæдæг ауыгъдæй кæй лæууы, уый (Гæб. Мел.)*
1.6. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Бæрæггонд дзырд равзарын йæ нысаниуæгджын хæйттæм гæсгæ.
*Комкоммæ ныхасæй саразын фæрссаг ныхас: Стæй йын цалдæр боны фæстæ ныффæдзæхста Дæ фыдæн зæгъ скъоламæ æрбауайæд (Хъ. М.).*
1.7. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Бацамонын вазыгджын хъуыдыйады грамматикон нысаниуæг. Равзарын дзырд ронбæгъдæй-ы мырты миниуджытæ.
*Сæ фæнд афтæ уыд æмæ лæг йæ фыдæлты хæзна нæ рауæлдай кæндзæн ронбæгъдæй ацæуын йæ сæрмæ нæ бахæсдзæн æмæ хъуыддаг фехæлдзæн (Дж. Ш.).*
1.8. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Равзарын дзырдтæ æнæрвæссондзинад, æрбацæйцæуын, æлхæнæггаг сæ нысаниуæгджын хæйттæм гæсгæ.
*Санаты Семы ныхас арвы цæфау цæуы æмæ уый афтæ дзырдта Бæсты фæстаг – уырысмæ (Дж. Ш.).*
1.9. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Бацамонын вазыгджын хъуыдыйады хуыз æмæ йæ грамматикон нысаниуæг.
*Дзæгъæлы нæ баззад фыдæлты æмбисонд хор куы фесæфа уæд æй агур быдыры зонд куы фесæфа уæд та хохы (Дж. Ш.).*
1.10. Сæвæрын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Зæгъын, цавæр синтаксисон иуæгтæ хицæнгонд цæуынц æрхæцæн нысæнттæй. Бацамонын вазыгджын хъуыдыйады грамматикон нысаниуæг.
*Иу ныхасæй кæд афæдзы афонтæй алкæцыдæр йæхирдыгонау рæсугъд хонæм уæддæр сæм æмхуызон цæстæй кæсæн нæй («Ног.»).*
1.11. Зæгъут, кæцы хъуыдыйæдты ис хайыгтæ æмæ цавæртæ сты сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. *Дæу ма æз иунæг абонæй фæстæмæ / Куы ныууадзон, уæд мæ ныццæвæд арв. 2. Мæ тæккæ зæрдæ мын / Æхсаргардæй фæрæхуыста. 3. Æнæ 'рцæугæ хъуыддаг. 4. Раст рындзмæ / Фæхæццæ фæд. 5. Цыдæр сырд / Сæ цурты балыгъд бæхтæн, æмæ уымæй фæтарстысты . 6. Ды куы базонай ме 'мбисы бæрц, гъе уæд. 7. Тыхсты рæстæг æрбалæууынц нæ уæлхъус* (П.Г.).
1.12. Бацамонут зæгъинæгты хуызтæ æмæ сæ арæзт. *Æгады цардæй йæм амæлын хуыздæр кастис. 2. Мæн базонын фæнды мæ мыггаг. 3. Амонын дын сæ нæ хъæуы. 4. Бибойæн дæр сæ дзырдæуыд, æмæ йæ ныр фæндыд Хъасаймæ байхъусын. 5. Æмæ уæд чи у? 6. Уымæн æмæ йæ нæ уарзын мæ бон нæу* (М.С.).

1.13. Зæгъут, цæмæй вазыгджынгонд сты хъуыдыйæдтæ. *1. Дзыцца сæ æфсæрмы кодта, фæлæ, иуæй, нæ хæдзар хæлд, иннæмæй та, нæ къух нæ амоны. 2. Амондæн ма æндæр цы хъæуы (!), йæхи аппæрста пыхсбынты* (Хъ.М.). *3. Хорз адæм сты ам. Æнæвгъау хæссынц алцы (кæсы къуыммæ дзаумæттæм)* (К.А.). *4. Раст зæгъгæйæ, мæхицæн дæр фыццаг мæ хъуыддæгтæ ницы уый ас хорз цыдысты* (С.Р.).

1.14. Бацамонут бæттæгтæн сæ хуызтæ æмæ сæ нысаниуджытæ. 1. Кæд чызджы фыд Хадзы *Нæ уыд сæхимæ, йе мæстджын уыдысты / Кæнæ ирæд æгæр куырдтой, мыййаг (П.Г.). 2. Исдуг фыстæг фæцæйскъуыны, стæй йæ хъавгæ батухы æмæ йæ бафснайы йæ дзыппы (П.Г.). 3. Мæ зæрдæ нæу нæ хъæлдзæг, нæ фæлмæст (К.Х.). 4. Ис иу ахæм низ, æмæ дзы лæг куы цъæх вæййы, куы сырх, куы та урс (Т.А.). 5. Кæнæ цæргæ, кæнæ мæлгæ. Донæн йæ æрфыты алæгæрдын хъæуы (Хъ.А.).*

1.15. Тексты лингвостилистикон æвзæрст.

*Нартæн уæд сæ хистæр Уæрхæг уыдис.*

*Уæрхæгæн райгуырдис дыууæ лæппуйы, фаззæттæ. Иу дзы райгуырдис фыццаг кæркуасæны, иннæ та райгуырдис дыккаг кæркуасæны, Бонвæрноны скастмæ.*

*Рухс хуры тынтæ ныккастис Уæрхæгмæ, базыдта, хъæбул куыд адджын у, уый. Уæрхæг йæ лæппуты райгуырды боны фарнæн скодта нæртон куывд сырды фыдæй. Æрхуыдта уæларвæй Куырдалæгоны, фурдæй — Донбеттыры, Нартæй та — Борæйы æмæ æндæрты.*

*Уæрхæджы уарзон лæппутыл буц нæмттæ сæвæрдта уæларв Куырдалæгон: хистæрыл — Ахсар, кæстæрыл — Ахсæртæг. Номæвæрæджы лæварæн Куырдалæгон радта Уæрхæгæн удæвдз йæ куырдадзы фæтыгæй, болат æндонæй арæзт. Удæвдзы Нарт сæвæрдтой сæ фынгыл, æмæ сын кодта диссаджы зарæг уадындз хъæлæсæй:*

*«Айс æй, аназ æй Хуыцауы хæларæй,*
*Айс æй, аназ æй — ронджы нуазæн!»*

## II. Список рекомендуемой литературы


1. Абаев В.И. Грамматический очерк осетинского языка. – Орджоникидзе, 1959.
2. Абаев В.И. Осетинский язык и фольклор. – М.-Л., 1949.
3. Аланы – осетины: Alani sive Aas. Владикавказ: Ир, 2019.
4. Бекоев Д. Г. Иронский диалект осетинского языка. – Цхинвали, 1985.
5. Багаев Н.К. Современный осетинский язык. Т. 1. – Орджоникидзе, 1965.
6. Багаев Н.К. Современный осетинский язык. Т. 2. – Орджоникидзе, 1982.
7. Битарти З.А. Ирон филологийы актуалон фæрстытæ. Цхинвал: Дом печати РЮО, 2010.
8. Выдрин А.П. Глагольные частицы нæ и ма в осетинском языке // На пастбище Мысли Благой Сборник статей к юбилею И.М. Стеблин-Каменского. Санкт-Петербург, 2015. С. 109-119.
9. Габараев Н.Я. Морфологическая структура слова и словообразование в современном осетинском языке.-Тбилиси,1977.
10. Гацалова Л.Б. Русско-осетинский, осетинско-русский словарь лингвистических терминов. Владикавказ: РИО СОИГСИ, 2007.
11. Гацалова Л.Б., Парсиева Л.К. История и основные тенденции развития лексикологии и лексикографии осетинского языка [Учебное пособие]. – Владикавказ: ИПО СОИГСИ, 2014.
12. Гацалова Л.Б., Парсиева Л.К. Теоретическая и прикладная фонология. [Моногра-фия]. – Владикавказ: ИПО СОИГСИ, 2014.
13. Гæбæраты Н.Я. Ирон æмæ иумæйаг æвзагзонынады цыбыр бæрæгуат. Цхинвал, 2013.
14. Грамматика осетинского языка /под ред. Г.С.Ахвледиани. Т.1. Орджоникидзе, 1965.

15. Грамматика осетинского языка /под ред. Г.С.Ахвледиани. Т. 2, изд. СОНИИ. Орджоникидзе, 1968.
16. Гуриев Т.А. Сборник избранных статей Владикавказ, изд-во СОГУ, 2010.
17. Гуыриаты Т.,Гæбæраты Н., Исаты М. Нырыккон ирон æвзаджы лексикологи . Дзæуджыхъæу: Ир, 1989.
18. Джусойты К.Г, Дзодзыккаты З.Б., Цопанты Р.Г. Нырыккон ирон æвзаг. – Дзæуджыхъæу, 2010. Дзиццойты Ю.А. Вопросы осетинской филологии. Т.1. Цхинвал: Республика, 2017.
19. Дзабиты З.Г. Уацтæ ирон æвзаджы тыххæй. Цхинвал, 2010.
20. Дзахова В.Т. Фонетические характеристики фонологической системы современного осетинского (иронского) литературного языка. Владикавказ, изд-во СОГУ, 2009.
21. Дзодзикова З.Б. Современный осетинский язык: (фонетика, лексика и фразеология, словообразование). – Владикавказ, 2017 // https://www.elibrary.ru/download/elibrary_32313139_59325539.pdf.
22. Дигорско-русский словарь. Сост. Таказов Ф. М. Владикавказ, 2003.
23. Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат / Гæбæраты Н. иумæйаг редакцийæ. Тт.1, 2. М.: Наука, 2007 , 2010.
24. Исаев М.И. Осетинский язык. – Владикавказ: Изд-во СОГУ, 2010.
25. Камболов Т.Т. Очерк истории осетинского языка. – Владикавказ, Ир, 2006.
26. Кудзоева А.Ф. Основные типы сложных предложений с однородным соподчинением придаточных в осетинском языке // Вестник Северо-Осетинского государственного университета имени К. Л. Хетагурова. 2011. № 1. С. 150-155. https://elibrary.ru/download/elibrary_16331189_16955392.pdf.
27. Миллер В. [Ф]. Язык осетин/Пер. с нем. М.-Л., 1962.
28. Памятники аланского языка и письма. М.: Наука, 2016.
29. Парсиева Л.К., Гацалова Л.Б. Осетинско-русский, русско-осетинский словарь. – Владикавказ, 2018. Научная библиотека СОГУ.
30. Таказов Ф.М. Грамматический очерк осетинского (дигорского) языка. – Владикавказ: Изд-во СОГУ, 2009.
31. Цаллагова И.Н. Особенности современного состояния говоров дигорского варианта осетинского языка (На материале стур-дигорского говора) // Современные проблемы науки и образования. – 2014. - №4; URL: https://www.elibrary.ru/item.asp?id=20848408.
32. Царикаева Ф.А. Из истории изучения осетинского синтаксиса // В мире научных открытий. 2014. № 11-1 (59). С. 778-793.
33. Цопанти Р.Г. Ирон æвзаджы стилистикæ. Владикавказ, изд-во СОИГСИ, 2011.
34. Цопанова Р.Г., Колиева И.Н. Нырыккон ирон æвзаг: Дзырдбаст æмæ хуымæтæг хъуыдыйады синтаксис: Ахуыргæнæн чиныг уæлдæр скъолаты студенттæн / Владикавказ, 2017. https://www.elibrary.ru/item.asp?id=29518534.
35. Цопанти Р. Г. Ирон æвзаджы стилистикæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. Научная библиотека СОГУ.

## III. Критерии оценки, включая

Вступительный экзамен в магистратуру ориентирован на определение практической и теоретической подготовленности абитуриента к обучению в магистратуре. Программа вступительного экзамена составлена на основе базовых положений следующих учебных дисциплин:

- языкознание;
- история осетинского языка;
- диалектология осетинского языка;
- фонетика осетинского языка;
- лексикология осетинского языка;
- грамматика осетинского языка;
- стилистика осетинского языка.

На основе программы вступительного испытания составляются экзаменационные билеты. Билет включает два теоретических вопроса и практическое задание. Вопросы

экзаменационного билета отличаются от вопросов, предлагающихся на семестровых экзаменах. Они формулируются широко и могут включать в себя несколько научных аспектов.

**Типы вопросов, входящих в экзаменационный билет:**

- актуальные проблемы осетинского языка в области фонетики, лексикологии, грамматики и стилистики;
- актуальные проблемы теории и истории осетинского языка;
- основные понятия и термины лингвистики;
- актуальные проблемы истории и современного состояния языкознания и др.

Практические задания – экзаменационные материалы - представляют собой фрагменты текста (художественного, публицистического, научного и т. п.), предназначенные для проведения различных видов лингвистического (фонетического, лексического, морфологического, синтаксического, стилистического и др.) анализа.

Время опроса одного абитуриента составляет не более 30 минут. При необходимости во время экзамена разрешается использовать справочную литературу.

Оценка знаний поступающих в магистратуру осуществляется по **100-балльной** шкале. Граница положительной оценки – **56 баллов**.

***Оценка «отлично» (82-100 баллов) ставится за:***

- знание основных закономерностей системы языка, специфики ее функционирования и развития;
- знание теории вопроса, умение анализировать проблему в синхронических и диахронических аспектах;
- умение применять основные положения теории вопроса при анализе языкового материала;

- умение содержательно и стилистически грамотно излагать суть вопроса;

***«хорошо» (72 – 81 балл)***

- знание основных закономерностей системы языка, специфики ее функционирования и развития;

- знание основных теоретических положений вопроса;
- умение анализировать языковой материал;
- умение содержательно и стилистически грамотно излагать суть вопроса;

***"удовлетворительно"* (56 – 72 балла):**

- знание основных закономерностей системы языка;
- общее представление о теории вопроса;
- неполнота анализа языкового материала;
- наличие стилистических и речевых ошибок в ответе;

***"неудовлетворительно " (0 – 55 баллов):***

- незнание системы языка;

- незнание теории и истории вопроса;
- отсутствие умения анализировать языковой материал;
- наличие грубых стилистических и речевых ошибок в ответе.

Студенты, имеющие диплом бакалавра или специалиста не по профильному направлению магистратуры, проходят конкурсные испытания на общих основаниях.

## IV. Демонстрационный вариант.

**Образец экзаменационного билета**

УӔРӔСЕЙЫ ФЕДЕРАЦИЙЫ АХУЫРАДЫ МИНИСТРАД

ЦӔГАТ ИРЫСТОНЫ ХЕТӔГКАТЫ КЪОСТАЙЫ НОМЫЛ ПАДДЗАХАДОН УНИВЕРСИТЕТ

---

Ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы кафедрӕ

Курс – <u>ирон æвзаг</u>

**Фæлварæны 1-аг билет**

1. Цавды æгъдæуттæ ирон æмæ дыгурон ныхасы.
2. Мивдисæджы бындуртæ æмæ кæрæттæ. Ивгъуыд афоны кæрæтты равзæрд.
3. Бакæсут тестæй скъуыддзаг. Сбæрæг кæнут ныхасы хуыз, ныхасы стиль. Бамбарын кæнут уæ хъуыды. Сбæрæг кæнын дзырд ***улæфтæй***-ы мырты миниуджытæ.

Хур аныгуылди, æмæ уазал дымгæ рафæйлыдта цъитийы ’рдыгæй комрæбынты. Гуылф-гуылф кодта цæугæдон, калдта йæ пырх къултыл, æнхъæвзта дуры цæндтæ, улæфыд уазал улæфтæй. Къулты хæрдыл уæлæмæ къæдзтæ-мæдзтæ фæндагыл фæцæйцыдис иу мæгуыр ус, рацæйхаста гуыбыр-гуыбырæй суджы ’ргъом.

Сывæрджын уыд ус. Æмæ йын йæ гуыбын бамбæрзыны фаг нæ кодтой йæ бызгъуыртæ.

Фæхæссы мæгуыр ус йæ суджы ’ргъом, ныттымбыл ис суджы ’ргъомы бын, фæцæуы хæрдмæ уæззау, фæллад æмæ хъавгæ цыдæй.

Схызтис фыццаг фæлæууæнмæ. Æрлæууыд. Æвæццæгæн, ныуулæфыд уынæргъгæ улæфтæй. Банцой кодта къæй къулыл. Кæсы дæлæмæ комрæбынмæ. Лæууы. Ахсы йæ уæгъд къухæй йæ бызгъуырты зæбултæ. Æмбæрзы йæ гуыбын. Иудзæвгар алæууыд. Фæцæуы дарддæр...

Гъе, мæгуыр хæххон ус, сывæрджын уæвгæйæ дæр нæ цух кæныс дæ суджы ’ргъомæй… (Гæдиаты Ц.)

**Кафедрæйы сæргълæууæг**______________________________

Председатель экзаменационной комиссии ____________________ ______________________

подпись И.О.Фамилия